



# Kesyon Pasyan Poze Souvan yo sou Vaksen COVID-19

**Tanpri sonje:** Akòz vitès rapid ki gen rapò ak devlopman vaksen yo, yo toujou kontinye mete enfòmasyon. Tcheke ankò pou plis enfòmasyon. Tanpri refere w to ak [Kesyon yo Poze Souvan yo | Vaksen COVID-19 \(ny.gov\)](#).

## Jèn Timoun yo ak Vaksen yo

### **Èske vaksen an san danje pou timoun yo ki poko gen 12 an?**

Wi. Vaksen an disponib kounye a pou timoun ki gen laj 5-11. Vaksen an pral ranfòse sistèm iminitè yon timoun kont viris COVID-19 la. Vaksen an ekstrèmman efikas pou anpeche timoun yo pran viris la, epi pou yo pa vin malad grav oswa mouri akòz COVID-19. FDA (Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini) ak CDC (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) te akòde otorizasyon annijans pou yo itilize vaksen Pfizer la.

### **Mwen pa vle pou pitit mwen an vaksinen touswit. Pou kisa mwen pa ka rete dwe tann pou m wè sa k ap pase ak timoun ki nan laj 5-11 ki vaksinen yo?**

Rezon ki fè pou pitit ou a vaksinen pi vit posib se pou pwoteje yo kont efè danjere COVID-19 la. Viris COVID-19 la lakòz anpil jèn timoun entènè lopital epi menm mouri. Vaksinen yo kont viris la se pi bon fason pou pwoteje yo kont viris la. Vaksen an diminye chans pou transmasyon (pwopagasyon) maladi a anpil anpil. Vaksen an diminye anpil chans pou maladi grav oswa lanmò si pitit ou a pran COVID-19.

Lè w resevwa vaksen an pi vit posib, sa asire w pitit ou a kapab kontinye ale lekòl, epi li pa rete dèyè.

Finalman, si w pran vaksen an pi vit posib, sa pwoteje lòt moun nan fanmi w yo ki pa pran vaksen an, sitou fanmi ki pi gran yo oswa moun ki gen sistèm iminitè an defayans yo.

### **Èske dozaj pou timoun piti se menm ak pa granmoun yo? Epi ki gwosè zegwi a?**

Yo itilize yon dòz ki pi ba ak zegwi pi piti pou timoun ki gen laj 5-11 pase pou gwoup ki pi gran yo.

### **Èske vaksen an mande 2 dòz pou gwoup ki pi jèn nan?**

Wi. Vaksen Pfizer la mande pou yon dezyèm dòz 3 semèn/21 jou apre premye dòz la.

### **Èske vaksen Moderna ak Johnson & Johnson ap disponib pou timoun 5-11 an?**

Toulède vaksen Moderna ak Johnson & Johnson yo nan faz tèst ak apwobasyon pou gwoup laj sa a.

### **Pitit mwen an te deja gen viris COVID-19 lan. Èske yo toujou bezwen pran vaksen an?**

Wi. Iminite kont COVID-19 pi fò nan vaksen an pase nan viris COVID-19 lan. Iminite kont COVID-19 lan dire pi lontan tou. Menmsi pitit ou a te pran viris la, yo ta dwe toujou pran vaksen an.

### **Mwen te tande vaksen ka lakòz anflamasyon nan kè a nan timoun yo. Èske sa vre?**

Yon ti kantite timoun te gen anflamasyon nan kouch mitan pawa kè a (myokad) apre yo te resevwa vaksen an. Men, timoun yo gen pi gwo risk pou anflamasyon sa a nan viris COVID-19 la pase nan vaksen. Anplis de sa, si yon timoun gen anflamasyon sa a apre li fin gen viris la, yo gen plis risk pou yo malad grav oswa menm lanmò.

Men, si yon timoun gen anflamasyon an apre li fin resevwa vaksen an, ka a gen plis chans pou li trè modere, ki egzijè sèlman yon ti ospitalizasyon ak tretman avèk ibipwofèn (Advil).

## **Mwen toujou gen kesyon konsènan vaksinen pitit mwen an. Èske mwen ka pale ak yon doktè sou kesyon mwen yo san mete yon randevou pou vaksen an?**

Wi. Tanpri pran yon randevou pou konsiltasyon. Doktè Sun River Health yo ap pi byen kontan diskite sou enkyetid ou yo epi reponn kesyon ou yo!

### **Dòz Rapèl ak Twazyèm Dòz yo**

#### **Ki moun ki ka pran vaksen rapèl yo, epi ki vaksen ki disponib?**

Tout moun ki gen plis pase 12 an kounye a kalifye pou yon vaksen rapèl COVID-19. Sun River Health ap ofri kounye a vaksen rapèl vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech ak Moderna.

Moun ki gen laj 5 an oswa plis ki genyen sistèm iminitè ki grav yon fason modere jiska grav kalifye tou pou yon twazyèm dòz vaksen COVID-19 Pfizer la, tankou sila yo ki:

- Ap resevwa tretman aktif pou kansè
- Te resevwa yon transplantasyon ògàn epi k ap pran medikaman pou febli sistèm iminitè a
- Te resevwa yon transplantasyon selil souch nan 2 dènye ane yo oswa k ap pran medikaman pou febli sistèm iminitè a
- Genyen sistèm iminitè anjeneral ki an defayans nan yon fason modere oswa grav (tankou sendwòm DiGeorge, sendwòm Wiskott-Aldrich)
- Genyen enfeksyon VIH ki avanse oswa ki pa trete
- Ap pran tretman aktif ak gwo dòz kòtizòl-estewoyid kimyoterapi pou kansè ki lakòz sipresyon sistèm iminite ki grav, oswa lòt medikaman ki kapab febli repons iminitè a

#### **Pou planifye pou pran yon dòz rapèl, [klike isit la](#), oswa rele (844) 400-1975.**

Lè w vini pou w resevwa piki rapèl ou, asire w pou pote kat vaksinasyon ou an!

#### **Pou kisa mwen bezwen yon dòz rapèl?**

Anpil vaksen gen yon rediksyon nan pwoteksyon apre yon tan. Dòz rapèl la kenbe iminite w kont COVID-19 nan pi wo nivo.

#### **Ki moun ki bezwen yon twazyèm dòz, epi èske yon twazyèm dòz vaksen an diferan de yon rapèl?**

Twazyèm dòz yo diferan de rapèl yo, epi yo disponib kounye a pou moun ki sistèm iminitè an defayans nan yon fason modere ak grav.

Twazyèm dòz yo disponib 28 jou apre dezyèm dòz Moderna oswa Pfizer pou nenpòt moun ki:

- Ap resevwa tretman aktif kansè pou timè oswa kansè nan san
- Te resevwa yon transplantasyon ògàn epi k ap pran medikaman pou febli sistèm iminitè a
- Te resevwa yon transplantasyon selil souch nan 2 dènye ane yo oswa k ap pran medikaman pou febli sistèm iminitè a
- Genyen sistèm iminitè anjeneral ki an defayans nan yon fason modere oswa grav (tankou sendwòm DiGeorge, sendwòm Wiskott-Aldrich)
- Genyen enfeksyon VIH ki avanse oswa ki pa trete (avanse defini tankou CD4 <200)
- Ap pran tretman aktif ak gwo dòz kòtizòl-estewoyid (15-20 mg/jou prednizòn x 4 semèn oswa plis) oswa lòt medikaman ki ka febli repons iminitè a. Si se oumenm, tanpri pale ak doktè ou pou konnen si ou ta dwe pran yon dòz rapèl oswa yon twazyèm dòz vaksen an.

Pou planifye yon twazyèm vaksen dòz, oswa yon konsiltasyon ak yon doktè Sun River Health, [klike isit la](#), oswa rele **(844) 400-1975**.

Lè w vini pou w resevwa twazyèm dòz ou a, asire w pou pote kat vaksinasyon ou an!

### **Enfòmasyon Debaz sou Vaksen yo**

#### **Pou kisa mwen ta dwe pran vaksen COVID-19 la?**

Rezon ki fè yo pran vaksen an se pou ranfòse sistèm iminitè w pou evite w trape COVID-19. Touletwa vaksen ki disponib yo efikas anpil pou anpeche w pran viris la, epi pou yo vin malad grav oswa pou ou pa mouri nan COVID-19.

Vaksen an, konbine avèk distans sosyal ak mete mask se pi bon fason pou nou bouje tèt nou konplètman, kominote nou yo, ak nasyon nou an pi lwen pase pandemi COVID-19 la.

COVID-19 te lakòz maladi ki grav anpil epi menm anpil lanmò nan peyi nou an ak atravè lemond. Si ou trape COVID-19, ou riske tou bay li ak moun pwòch ou ki ka vin malad anpil. Lè w pran yon vaksen COVID-19 se yon chwa ki san danje pou pwoteje tèt ou ak moun lakay ou.

Anplis de sa, pran yon vaksen COVID-19 enpòtan pou amelyore sante nan kominote ou yo ak popilasyon an anjeneral. Lè pifò nan yon popilasyon gen iminite ak yon maladi enfektye, sa a bay pwoteksyon endirèk, ki rele "iminite kolektif," pou moun ki pa genyen iminite kont maladi a oswa ki pa kapab pran vaksen an akòz yon sistèm iminite ki an defayans oswa ki gen alèji grav avèk engredyan espesifik nan yon vaksen. Syantis yo estime plis pase 70% nan popilasyon an ap bezwen vaksinen pou reyalize iminite kolektif la.

### **Kijan pou m fè konnen vaksinasyon COVID-19 la reyèl, san danje, epi serye?**


Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini (Food and Drug Administration, FDA) te apwouve vaksen Pfizer konplètman pou prevansyon COVID-19 nan moun ki gen 16 an oswa plis, epi li kontinye disponib anba otorizasyon pou itilizasyon annijans pou moun ki gen 12 a 15 ane.

Vaksen COVID-19 Moderna ak Johnson and Johnson yo tou kontinye disponib anba otorizasyon pou itilizasyon annijans FDA a pou tout moun ki gen laj 18 ane ak pi gran.

Apwobasyon FDA, menm jan ak otorizasyon pou itilizasyon annijans FDA a, vle di yo pat pran okenn rakousi lè yo t ap rechèch la ak etid klinik yo. An reyalye, vaksen sa yo te pase nan menm etid klinik FDA yo lòt medikaman yo te pase, sèlman yo te mache pi vit.

Yo te devlope epi teste vaksen COVID-19 la nan gran etid klinik (tès) pou asire li satisfè estanda sekirite FDA te etabli epi ak ranfòse yo epi Sant pou Kontwòl Maladi (Centers for Disease Control, CDC) ak Enstiti Nasyonal Sante (National Institutes of Health, NIH) te andose yo. Anpil moun ki gen laj diferan, ras, ak etnisite, anmenm moun ki gen diferan pwoblèm medikal, te patisipe nan etid klinik sa yo. FDA ak CDC ap kontinye kontwole sekirite vaksen COVID-19 la pou asire yo idantifye menm efè segondè ki ra anpil yo epi pou mete yo piblik.


### **Plizyè klinisyen ak lòt anplwaye nan Sun River Health te bay ti bout entèvyou sou kisa ki fè yo kwè vaksen an enpòtan, ki vizib la a:**



Sharon Andrades, RN on the COVID-19 Vaccine



Dolores Curbelo, MD on the COVID-19 Vaccine



Roberta Kelly, NP on the COVID-19 Vaccine



Kenneth Desa, MD on the COVID-19 Vaccine



Ivanette Juarbe-Ramos, MD on the COVID-19 Vaccine

### **Kijan yo te fè devlope vaksen sa yo vit konsa?**

Li nòmal pou gen kesyon sou rapidite yo te devlope vaksen sa yo. Nan sikonstans nòmal, vaksen yo pran plis tan pou devlope.

Gen de domèn te fè devlopman vaksen COVID-19 la diferan: youn se paske te genyen anpil nan rechèch la te deja souplas anvan pandemi an paske akòz COVID-19 fè pati yon gwoup viris kote syantis te deja pase yon bon bout tan ap etidye.

Lòt rezon se akòz pou kantite koperasyon, lajan, ak efò ki te pataje atravè glòb la yon fason pou kreye vaksen an.

Syantist yo pa te kòmanse apati de zero lè yo te kòmanse travay sou vaksen COVID-19 lan.

SARS-CoV-2 (COVID-19) se yon manm nan fanmi kowonaviris la. Gen plizyè santèn kowonaviris. Akòz syantis yo te deja etidye kowonaviris anvan pandemi an, sa vle di yo te gen done ki deja egziste sou estrikti a, genomik, ak sik lavi sa kalite viris sa a anvan COVID-19 pwopaje atravè lemond.

Nan mitan pandemi mondyal la, chèchè yo, syantis yo, ak kominote medikal la te mobilize pou pataje done ak pou jwenn solisyon ak plis koperasyon ak efò pataje ak finansman ki disponib pase tout tan anvan.

Nan peyi Etazini, **Operation Warp Speed (OWS)** te fè patenarya ak anpil enstitisyon, tankou Enstiti Nasyonal Sante (National Institutes of Health, NIH) ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), pou devlope, fabrike, ak distribiye 300 milyon dòz nan kòmansman 2021.

Yo te peye anpil lajan pou bay konpayi vaksen yo pou yo kòmanse pwodiksyon imedyatman, kidonk rezèv vaksen an te disponib yon fwa done yo te montre vaksen an te travay.

Depi apwobasyon FDA a, yo te bay plizyè milyon moun vaksen atravè lemond, epi yo kontinye konsidere yo san danje epi efikas.

### **Kisa otorizasyon pou itilizasyon annijans lan vle di? Ki diferans ki genyen ant otorizasyon itilizasyon annijans ak otorizasyon okonplè?**

Aktyèlman vaksen Pfizer a resevwa apwobasyon FDA okonplè pou timoun yo ki gen laj 12 lan oswa pi gran. Genyen de lòt vaksen yo, Moderna ak Johnson & Johnson, ki disponib anba otorizasyon pou itilizasyon annijans FDA.

### **Apati Kesyon yo Reponn Souvan sou COVID-19 la, nan CDC:**

Nan sèten kèk ijans, FDA ka bay yon otorizasyon pou itilizasyon annijans (*emergency use authorization*), oswa EUA, pou bay aksè pi rapid nan pwodwi medikal nesèsè yo (tankou medikaman ak tès) ki kapab ede pandan ijans lan lè pa gen lòt ase opsyon, apwouve, ak altènatif disponib.

Pwosesis EUA la diferan pase apwobasyon FDA, pèmisyon, oswa pou jwenn lisans paske estanda EUA la kapab pèmèt otorizasyon ki baze sou anpil fwa mwens done pase sa ki ta dwe obligatwa pou apwobasyon, pèmisyon, oswa pou jwenn lisans nan FDA. Sa pèmèt FDA otorize itilizasyon annijans pwodwi medikal ki satisfè kritè yo nan kèk semèn olye pou sa ta pran mwa ak ane.

EUA yo an efè jiskaske deklarasyon ijans lan fini, men yo ka revize oswa revoke yo pandan n ap evalye bezwen yo pandan ijans lan ak nouvo done sou sekirite ak efikasite pwodwi a, oswa si pwodwi satisfè kritè pou vin apwouve, otorize, oswa jwenn lisans nan FDA.

### **Èske yo te enkli an etid vaksen yo diferan ras moun ak etnisite?**

Wi. Anpil moun ki gen diferan laj, ras, ak etnisite, menm jan tou ak moun ki gen pwoblèm medikal ki diferan, te patisipe nan etid klinik sa yo.

### **Èske vaksen an ka lakòz COVID-19?**

Non. Okenn nan vaksen yo ki disponib kounye a itilize viris vivan ki lakòz COVID-19.

Aprè ou fin pran vaksen an, ou ka gen eksperyans yon maltèt, lafyèv, oswa lòt sentòm tankou grip. Efè segondè sa yo se yon siy ki endike sistèm iminitè ou ap fè egzakteman sa li sipoze fè epi y ap ale nan 1-2 jou anjeneral. Si w pran ibipwofèn oswa Tilènòl, sa ka ede tou avèk sentòm sa yo.

### **Èske se vre vaksen an ta ka chanje oswa gen yon efè negatif sou ADN mwen an?**

Se pa vre. Vaksen COVID-19 yo pa enkòpore nan ADN ou. Vaksen COVID-19 yo pa chanje oswa entè aji avèk ADN ou nan okenn fason.

### **Ki diferans ki genyen ant vaksen yo?**

Vaksen Pfizer ak Moderna yo se vaksen mRNA, pandan vaksen Johnson & Johnson itilize teknoloji tradisyonèl ki baze sou viris. Diferans prensipal la se fason enstriksyon yo delivre nan selil ou yo pou ede yo reponn ak viris la.

Vaksen mRNA yo prensipalman founi yon ti mòso kòd nan selil ou yo, ki sèvi kòm yon manyèl enstriksyon yo anseye sistèm iminitè ou yo rekonèt epi detwi viris la ki lakòz COVID-19.

Vaksen Johnson & Johnson la itilize materyèl ki te founi nan yon viris grip komen ki rele yon adenovirus pou voye enstriksyon sa yo. Adenovirus la te dezaktive yon fason pou li pa repwodui pwòp tèt li oswa fè moun malad.

Yo bay Vaksen Pfizer ak Moderna yo nan yon seri de (2) dòz epi yo bay vaksen Johnson & Johnson nan yon sèl dòz.

## Èske Vaksen Johnson & Johnson an san danje?

Yo te administre Vaksen Johnson & Johnson lan nan plizyè milyon de moun atravè lemond, epi li vrèman san danje.

Yo te sispann administrasyon vaksen Johnson & Johnson lan tanporèman apre vaksen an te lakòz kayo san nan sis pami 6.8 milyon fanm ki gen laj 18 a 49 ane. Sa a se 0.00008%, oswa mwens pase yon sèl sou sis (6) milyon fanm. Sentòm yo te devlope nan apeprè youn a de semèn apre vaksinasyon an.

FDA te retire sispansyon li a, epi olye sa, li rekòmande pou fanm ki gen mwens pase 50 ane yo pou enfòmè moun sou ra konplikasyon yo genyen.

Yo te remake ogmantasyon risk pou Sendwòm Guillain-Barre (GBS) apre administrasyon vaksen an. Baze sou yon analiz done yo ki sòti nan Sistèm pou Rapòte Evènman Efè Segondè Vaksen (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS), te gen 100 rapò prelinè nan tout peyi nan GBS apre vaksinasyon ak vaksen Johnson & Johnson apre yo te fin administre apeprè 12.5 milyon dòz. Malgre prèv ki disponib yo sijere yon ogmantasyon risk nan GBS apre vaksinasyon ak vaksen J & J, pa gen ase prèv pou etabli yon relasyon dirèk.

CDC ak FDA a kontinye ap kontwòle moun ki resevwa vaksen yo pou asire pa gen okenn prèv pou menm pwoblèm sekirite yo ki ta ra. Moun ki te deja gen sendwòm Guillain-Barre (GBS) ak Bell's Palsy GBS yo kapab resevwa yon vaksen COVID-19.

## Èske mwen kapab chwazi kilès nan twa (3) vaksen yo mwen vle resevwa?

Wi. Nan Sun River Health ak nan kèk lòt etablisman swen sante yo, ou ka chwazi nenpòt nan twa (3) vaksen ki disponib yo.

Kounye a vaksen Pfizer a te resevwa apwobasyon FDA okonplè. Lòt de (2) vaksen yo, Moderna ak Johnson & Johnson, yo disponib anba otorizasyon itilizasyon annijans FDA.

Vaksen Johnson and Johnson oblije pou pran sèlman yon sèl dòz. Vaksen Pfizer ak Moderna toulède oblije pou pran yon seri de (2) dòz.

## Kijan vaksen yo fonksyone?

Vaksen COVID-19 anseye kò ou pou rekonèt viris la epi pou pwoteje ou kont enfeksyon an. Vaksen yo travay lè li deklanche sistèm iminitè ou pou rekonèt ak konbat viris yo vize yo. Lè yo deklanche sistèm iminitè ou pou reponn a yon viris, vaksen an ede kò ou detwi viris la sizoka ou ta ekspozè ak COVID-19 alavni. Touletwa vaksen ki disponib yo vrèman efikas pou anpeche maladi grav, entèn lopital, ak lanmò.

Vaksinasyon mande pou pran youn (1) oswa de (2) dòz, tou depann de ki kalite vaksen ou resevwa yo. Li enpòtan pou pran dòz rekòmande yo okonplè.

Apre ou fin pran vaksen an, kò ou kapab kòmanse fè eksperyans kèk siy ak sentòm vaksen an lakòz. Yo rele sa efè segondè. Efè segondè apre vaksinasyon yo nòmal epi yo ka pa rive tout moun ki pran vaksen an. Efè segondè sa yo anjeneral pap entèfere nan aktivite ou fè chak jou epi yo ka gen ladan:

- Doulè nan bra oswa doulè tou pre sit vaksinasyon an
- Ti lafyèv ki pa dire pou yon peryòd tan ki long
- Ou santi ou frèt ak / oswa fatige

Pou yon imaj detaye sou kijan vaksen an travay, [klike la a](#).

## Kisa k ap pase avèk mRNA apre yo fin fè pwoteyin lan? Èske li rete nan kò mwen?

mRNA a gen yon dire vi ki kout epi li dekonpoze trè rapidman.

## Èske ou ka pataje done sou kijan vaksen an mache?

Touletwa vaksen ki disponib yo vrèman efikas pou anpeche entèn lopital oswa lanmò nan COVID-19, plis pase 95%. Vaksen Pfizer ak Moderna yo apeprè vin efikas a 52% nan de semèn apre premye dòz la, epi vin efikas a 94% nan de semèn apre dezyèm dòz la. Johnson & Johnson vin efikas apeprè 72% nan de (2) semèn apre w fin resevwa sèl dòz ki nesèsè a.

Iminite kolektif varye epi li depann de viris la, popilasyon an, ak souch lan. Kounye a, sa nou konprann, 70% nan

popilasyon an bezwen vaksinen pou gen iminite kolektif kont viris sa a, menm si sa a ka chanje pandan y ap revize plis done. Rekòmandasyon an se pou tout moun ki kalifye yo ta dwe vaksinen.

### **Èske si mwen te deja gen COVID-19, mwen toujou bezwen pran vaksen an?**

Wi, vaksinasyon an toujou enpòtan menm si ou te gen COVID-19. Re-enfeksyon ak COVID-19 posib. Espè yo pa konnen konbyen tan iminite pral dire apre yon enfeksyon COVID-19, kidonk li rekòmande pou pran vaksen an menm si ou te gen COVID-19.

Vaksinasyon se yon pati enpòtan nan repons sante piblik nou an pou mete fen ak pandemi an. Kounye a, done yo sijere pwoteksyon apre enfeksyon natirèl ka sèlman dire 2-3 mwa kay kèk moun. Done aktyèl ki soti nan rezilta vaksen yo sijere tou iminite ki soti nan iminite vaksen an pi fò epi li dire pi lontan.

Sèl fwa ou ta dwe retade vaksinasyon an pou plis pase 90 jou apre ou fin gen COVID-19 se lè ou te resevwa yon bagay yo rele “antikò monoklonal.” Sa a se yon medikaman yo ba ou ki ale dirèkteman nan venn ou ak yon zegwi tache ak yon tib ak sak medikaman.

### **Sa ki rive avèk nouvo varyan COVID-19 yo, tankou varyan delta a? Èske vaksen an mache kont yo?**

Touletwa vaksen yo vrèman efikas pou pwoteje ou kont maladi grav, entènè lopital, ak lanmò nan varyan delta a. Viris yo toujou ap chanje ak devlope, epi vaksen yo fèt pou fè fas ak chanjman sa yo. Kounye a, syantis yo kwè vaksen an ap efikas kont nouvo varyan nan COVID-19. Pa genyen okenn prèv kounye a ki montre okenn nouvo varyan yo ap gen enpak sou efikasite vaksen yo k ap distribye kounye a.

### **Èske vaksen COVID-19 yo te itilize yo gen kèk grès kochon oswa pwodwi vyann kochon?**

Non. Pandan kèk vaksen te itilize jelatin vyann kochon pou estabilize lòt engredyan yo, yo pat itilize pwodwi vyann kochon lè yo t ap devlope vaksen COVID-19 mRNA Pfizer ak Moderna yo. Otorite jwif yo ak Mizilman yo te ankouraje patisipasyon okonplè pou resevwa vaksen COVID-19 yo.

### **Kisa dòz rapèl vaksen kont COVID-19 yo ye?**

Yon vaksen rapèl se yon lòt dòz vaksen an yo bay yon moun ki gen ase pwoteksyon apre vaksinasyon an, men answit pwoteksyon sa a diminye apre yon tan.

Sant pou Kontwòl Maladi (CDC) te bay rekòmandasyon pou yon sèl dòz rapèl vaksen COVID-19 Pfizer a omwen sis (6) mwa apre yo fin resevwa dezyèm dòz vaksen Pfizer yo pou gwoup sa yo:

- Moun ki gen laj 65 ane oswa pi gran, ak rezidan ki nan anviwònman swen alontèm yo
- Moun ki gen laj 50 jiska 64 an ki gen pwoblèm medikal kache yo
- Moun ki gen laj 18 jiska 49 ane ki gen pwoblèm medikal kache yo, baze sou avantaj ak risk endividyèl yo
- Moun ki gen laj 18 jiska 64 an ki gen plis risk pou ekspozisyon ak transmisyon COVID-19 akòz anviwònman travay oswa enstitisyonèl, baze sou avantaj ak risk endividyèl yo

Timoun ki gen laj 12 jiska 17 ane ak moun ki te resevwa vaksen Moderna oswa Johnson & Johnson yo tou pa kalifye pou yon vaksen rapèl COVID-19 nan moman sa a.

### **Èske gen kèk moun ki ka resevwa yon twazyèm dòz vaksen COVID-19 la?**

Pafwa, moun ki gen sistèm iminitè an defayans ki pa gen ase (oswa okenn) pwoteksyon lè yo pran vaksen pou premye fwa. FDA ak CDC otorize itilizasyon yon twazyèm dòz vaksen COVID-19 mRNA (Pfizer oswa Moderna) pou moun ki gen 12 an oswa pi gran ki gen sistèm iminitè an defayans nan yon fason modere ak grav, tankou moun ki:

1. Ap resevwa tretman aktif pou kansè
2. Te resevwa yon transplantasyon ògàn epi k ap pran medikaman pou febli sistèm iminitè a
3. Te resevwa yon transplantasyon selil souch nan 2 dènye ane yo oswa k ap pran medikaman pou febli sistèm iminitè a
4. Genyen sistèm iminitè anjeneral ki an defayans nan yon fason modere oswa grav (tankou sendwòm DiGeorge, sendwòm Wiskott-Aldrich)
5. Genyen enfeksyon VIH ki avanse oswa ki pa trete
6. Ap pran tretman aktif ak gwo dòz kòtizòl-estewoyid kimyoterapi pou kansè ki lakòz sistèm iminitè vin an defayans grav oswa lòt medikaman ki kapab febli repons sistèm iminitè a.

Twazyèm dòz la ta dwe menm kalite vaksen ak de (2) premye yo toutotan sa posib. Nan moman sa a, dòz adisyonèl pa otorize pou moun ki gen iminitè ki te resevwa vaksen COVID-19 Johnson & Johnson lan.



Pale ak doktè ou sou kondisyon medikal ou pou detèmine si yon twazyèm dòz vaksen COVID-19 ap bon pou ou.

### **Ki efè segondè mwen pral santi apre mwen pran vaksen COVID-19 la?**

Pifò moun pa gen pwoblèm grav apre yo fin pran vaksen an. Men, bra ou ka fè mal, wouj, oswa cho si w manyen l touswit apre. Gen kèk moun ki rapòte yo te gen maltèt, lafyèv, oswa lòt sentòm tankou grip apre yo fin pran vaksen an. Efè segondè sa yo se yon siy ki endike sistèm iminite ou ap fè egzakteman sa li sipoze fè epi anjeneral yo ale nan 1-2 jou. Si w pran Ibipwofèn oswa Tilènòl, sa ka ede tou avèk sentòm sa yo.

### **Èske mwen dwe peye pou resevwa vaksen an, oswa èske li gratis?**

Nan moman sa a, tout vaksinasyon COVID-19 nan peyi Etazini yo ap gratis pou pasyan yo.

### **Kilè fanmi mwen ak mwen kapab pran vaksen an?**

Nan moman sa a, tout moun ki gen laj 16 an oswa pi gran kapab pran yon randevou pou pran vaksen COVID-19 lan nan Eta New York. Vaksen Pfizer la kontinye ap disponib anba otorizasyon itilizasyon annijans pou moun ki gen laj 12 a 15 an tou.

Si ou pa gen asirans sante, pa pral gen okenn frè si se pou sèlman rezon ou vini nan sant sante a pou resevwa vaksen an. Si ou pa gen asirans epi w ap vini pou yon lòt rezon, men ou mande pou pran vaksen an kòm yon pati nan vizit ou, yo pral chaje w pou vizit ou selon barèm frè rediksyon nou an.

### **Apre mwen fin resevwa yon vaksinasyon, èske mwen toujou bezwen mete yon mask epi evite kontak sere avèk lòt moun?**

Wi, li enpòtan pou tout moun kontinye swiv rekòmandasyon CDC yo pou kouvri bouch yo ak nen yo avèk yon mask, lave men souvan, epi rete omwen sis 6 pye distans lwen lòt moun. Ansanm, vaksinasyon COVID-19 ak swiv rekòmandasyon sa yo ofri meyè pwoteksyon pou pa trape ak pwopaje COVID-19.

### **Ki reyaksyon alèjik nan vaksen an yo te idantifye?**

Sèl reyaksyon alèjik idantifye nan vaksen an nan moman sa a se moun ki gen yon istwa nan anafilaksi. Founisè vaksen yo ap obsève pasyan yo apre vaksinasyon yo pou kontwòle ensidan reyaksyon negatif imedyat yo. Yo pral obsève moun ki gen yon istwa nan anafilaksi pandan 30 minit apre administrasyon vaksen yo. Yo pral obsève tout lòt moun yo pandan 15 minit apre administrasyon vaksen yo.

Pou plis enfòmasyon nan CDC konsènan reyaksyon alèjik yo, [klike la a](#).

### **Èske mwen pral kapab pran vaksen COVID-19 la si mwen malad oswa mwen pa santi mwen byen?**

Si ou malad oswa ou pa santi ou byen, ou pa p kalifye pou resevwa vaksen an. Tanpri konsilte doktè ou si ou gen lòt kesyon.

### **Èske gen yon moun ki pa ta dwe pran vaksen an?**

Anvan ou pran vaksen an, yo pral evalye ou pou wè si gen rezon ou pa ta dwe pran vaksen an.

### **Èske mwen reyèlman bezwen pran plis pase yon dòz nan vaksen an, si mwen resevwa vaksen Pfizer oswa Moderna?**

Wi. Lè w resevwa toulede dòz nan vaksen Pfizer oswa Moderna, se pi bon fason pou pwoteje tèt ou kont COVID-19. Yo bay dezyèm dòz Pfizer la nan 21 jou apre premye dòz la. Yo bay dezyèm dòz Moderna anan 28 jou apre premye dòz la.

Yo pral ba ou randevou ou pou dezyèm dòz ou lè ou resevwa premye vaksinasyon ou. Si ou manke dezyèm dòz ou, ou ta dwe rele doktè ou pou diskite sou sa ou ta dwe fè.

Si ou resevwa vaksen Johnson & Johnson lan, ou bezwen sèlman yon dòz.

### **Si mwen pran vaksen COVID-19 la, èske mwen toujou bezwen pran yon vaksen kont grip la?**

Wi, li trè enpòtan pou resevwa vaksen grip ou regilyèman tou. Ou ta dwe kontinye resevwa tout lòt vaksen pou rete an sante epi pou anpeche pwopaje maladi.

### **Pandan konbyen tan iminite COVID-19 mwen an pral dire apre mwen fin pran vaksen mwen an?**

Yo pa konnen pandan konbyen tan iminite pral dire nan moman sa a. Li enpòtan pou w kontinye mete yon mask ak

kenbe distans sosyal jiskaske yo avize w plis, menm apre ou fin vaksinen.

### **Èske efè segondè vaksen an ka rive jis nan jou apre yon moun pran li?**

Efè segondè yo minim, ak pifò moun remake ti doulè ak anflamasyon nan sit piki a, yon ti maltèt, yon ti lafyèv ba, ak doulè nan misk. Tout bagay sa yo anjeneral rive nan lespas 24 èdtan apre w fin pran vaksen an.

### **Mwen te oblije itilize yon nebilizè pandan kèk jou ki sot pase yo akòz opresyon. Èske mwen ka toujou pran vaksen an?**

Wi.

### **Si ou pran vaksen an, èske ou kapab toujou pwopaje COVID-19 si ou ekspoze, menm si ou pa santi sentòm yo oswa pa teste pozitif?**

Gen kèk prèv ki montre yon moun ki pran vaksen an kapab toujou pote viris la. Menm si viris la pa pral fè yo malad, moun sa a ka transmèt li bay moun ki pa vaksinen. Moun ki pran vaksen yo ta dwe kontinye pratike distans sosyal ak mete mask pou diminye risk sa a.

### **Èske vaksen an rekòmande pou timoun ki poko gen laj 12 an?**

Non, pa kounye a. Yo atann otorizasyon pou itilizasyon annijans kay timoun ki pi piti yo tou pre fen 2021. Vaksen sa a pral disponib pou jèn timoun ki gen laj 5-11. Men, yo dwe pase plizyè etap an premye, tankou pou fini avèk etid klinik yo.

### **Èske gen yon risk pou kantite rezèv vaksen an pral fini anvan pou pran dezyèm dòz la, oswa èske li garanti si yon moun te premye dòz la?**

Nan moman sa a, tout moun ki resevwa yon premye dòz vaksen Pfizer oswa Moderna ap resevwa yon randevou pou jwenn dezyèm dòz yo.

### **Èske vaksen an entèfere ak medikaman pou sante mantal yo?**

Nou pa kwè sa, men poko gen okenn etid fòmèl ki te fèt sou sa.

### **Èske yon moun ki aktivman pran dwòg oswa bwè alkòl afekte vaksen an?**

Pa gen okenn rezon ki fè nou kwè aktivite sa yo lakòz okenn repons ki diferan nan vaksen an.

### **Èske gen nenpòt enfòmasyon sou efè segondè vaksen an sou Bell's Palsy?**

Sa ra anpil. Efè segondè Bell's Palsy yo pi komen akòz lòt kòz, tankou HSV oswa maladi Lyme.

### **Èske li rekòmande pou tcheke iminite w apre w fini pran dezyèm dòz vaksen an pou asire gen antikò yo?**

Kounye a, sa pa rekòmande, paske pifò laboratwa pa montre yon nivo iminite. Olye de sa, yo sèlman montre si antikò yo prezan oswa absan.

